



Pou Piblikasyon Imedya: 29/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU REPONS ETA A FAS AK APLI K AP KONTINYE K AP AFEKTE ZÒN METWO VIL NEW YORK LA

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan Eta New York ap kowòdone deplwaman Ekip Sekou kont Inondasyon Milti-Ajans nan Hudson Valley ak Long Island

Yo prevwa twa a senk pous lapli total toupatou pandan tout vandredi atravè Vil New York, Long Island ak Hudson Valley, ak kantite lokal ki pi wo jiska sèt pous lapli, sa ki lakòz enkyetid pou inondasyon danjere

Avètisman inondasyon toudenkou anvigè pou kèk pati nan Vil New York ak Long Island jiska 10:15 A.M. vandredi; pifò Vil New York, Long Island ak Hudson Valley rete anba yon siveyans inondasyon jiska vandredi aswè

Yo ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran prekosyon, si y ap vwayaje jodi a, epi pou yo evite mache oswa kondui nan dlo inondasyon yo

Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou jodia sou repons Eta a ap kontinye fè kont gwo lapli nan Vil New York, rejyon Long Island ak Hudson Valley, ki te fè fasak jiska twa pous lapli lannwit lan, e ki rete anba yon Siveyans kont Inondasyon jiska vandredi. Previzyon Sèvis Meteyo Nasyonan la (National Weather Service, NWS) prevwa rejyon sa yo wè yon lapli toupatou ant twa a senk pous oswa plis jiska vandredi swa, ak pousantaj lapli nan yon pous pou chak èdtan. Inondasyon rapid se pi gwo risk pou kominote ki wè pi gwo chit lapli akòz tanpèt sa a, ki kapab lakòz kondisyon vwayaj danjere epi menase lavi ak sekirite. Etandone sa, Gouvènè Hochul te bay Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Pral òganize ekip sekou kon inondasyon nan konte Nassau ak Westchester, kote yo pral pare pou deplwaman rapid nan ka ta gen yon ijans inondasyon ki ta bezwen sekou. Gouvènè a ak tout administrasyon li a pare pou sipòte kominote lokal yo si inondasyon ta afekte yo jo adi.

"Yo prevwa gwo lapli nan tout pati anba eta a jodi a, epi n ap prete anpil atansyon sou nenpòt ki enpak inondasyon toudenkou lè konsidere kantite lapli ki gen nan previzyon an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ajans eta yo pare pou reponn demann asistans

patnè gouvènman lokal nou yo epi mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo prete anpil atansyon ak kondisyon tanpèt yo ak previzyon yo si w ap soti jodi a."

Sèvis Meteyo Nasyonal la te pibliye yon Siveyans Inondasyon pou pifò pati nan rejyon Vil New York, Long Island ak Hudson Valley. Avètisman kont Inondasyon Toudenkou an vigè jiska 10:15 a.m. pou kèk pati nan Vil New York ak Long Island. Konsèy kont Inondasyon Kòtyè yo anvigè tou.

Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt ak previzyon meteyo yo, vizite sit entènèt Sèvis Meteyowolojik Nasyonal (National Weather Service) la nan alerts.weather.gov. Nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo enskri pou NY Alert, sistèm alèt ijans gratis Eta a, nan alert.ny.gov. Yo ka voye enfòmasyon ijans konte pa konte pa tèks oswa imèl.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, "Gwo lapli pral inonde sistèm transpò yo epi gen anpil chans pou lakòz inondasyon rapid nan kèk zòn jodi a. Sa vle di ke li pral danjere pou vwayaje, espesyalman nan machin. Ekip mwen an ap kominike ak tout patnè nou yo nan gouvènman epi n ap kontinye kontwòl kondisyon yo epi deplwaye resous jan sa nesèsè pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite."

Preparasyon Ajans Eta yo

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan Eta New York

Sant Operasyon Ijans Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la ap kontwòl tan ak kondisyon deplasman yo, epi kowòdone tout bezwen repons yo ak gouvènman lokal yo. Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi (Office of Fire Prevention and Control, OFPC) Divizyon an te aktive Sant Operasyon Ponpye li a pou sipòte repons ak tanpèt la, ak de nan ekipsekou kontinondasyon li yo, ki gen sis pèsònèl ak yon bato yo chak, k ap deplwaye nan konte Nassau ak Westchester, nan ka ta gen yon ijans inondasyon ki mande sekou sivil yo. Yon ekip sovtaj kont inondasyon anplis ki soti nan Lapolis Eta New York te deplwaye tou nan Konte Westchester, ak twa pèsònèl ak de bato.

Depatman Transpò Eta New York la

Depatman Transpò Eta a prepare pou reponn ak evènman meteyo avèk prèske 3,500 operatè ak sipèvizè ki disponib nan tout eta a. Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,426 gwo kamyon abèn baskil
- 315 gwo chajè
- 81 dechiktèz
- 80 ekskavatis ak wou ak cheniy
- 28 platfòm tou trafik
- 15 kamyon aspiratè ak jè egou
- 15 ekip pou pyebwa avèk kamyon nasèl

Otorite Thruway Eta New York (New York State Thruway Authority)

Anplwaye Otorite Thruway yo ap kontinye kontwole previzyon ak enpak metewolojik yo sou sistèm Thruway la. Otorite Thruway la gen 661 anplwaye ki prepare pou enspekte drenaj tanpèt yo atravè sistèm nan, fè ti ajisteman nan ekipman yo, epi tcheke pant wòch yo nan zòn ki sansib pou gwo lapli yo. Ekipman ki ka deplwaye yo enkli eskavatris ki piti pou rive nan sa ki gen pwa mwayen, kamyon chasnèj/baskil yo, gwo kamyon chajè yo, pano VMS pòtab yo, poto limyè pòtab yo, jeneratris ki pi piti yo, ponp ki pi piti ak trelè pou transpòte ekipman yo, ansanm ak aparèy siyalizasyon ak lòt aparèy kontwòl sikilasyon ki disponib pou nenpòt detou oswa fèmti yo.

Otorite Thruway la ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li a kibay aksè dirèk ak kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou imèl [TRANSalert](#) ki bay dènye ensidan sikilasyon yo sou otowout Thruway, suiv [@NYSThruway](#) sou Twitter epi vizite [thruway.ny.gov](#) pou wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la

Ofisye Lapolis Pwoteksyon Anviwònmanal DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Ijans yo, ak anplwaye rejyonal yo ap siveye sityasyon ki ap devlope a ak previzyon metewo yo epi yo aktivman pral fè patwouy nan zòn ak enfrastrikti ki gen anpil chans pou yo afekte poutèt move tan. Tout resous ki disponib yo, ki gen ladan ekip rapid pou sovtajan nan dlo yo ap deplwaye epi yo nan pozisyon pou yo ede nan nenpòt repons ijans. Gen lòt pèsonèl k ap òganize kounye a pou deplwaman ijans.

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) nan Eta New York

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alètte epi y ap swiv depre kondisyon metewolojik ak enpak yo. Vizitè pak yo ta dwe vizite [parks.ny.gov](#), tcheke aplikasyon mobil gratis NY State Parks Explorer oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

Depatman Sèvis Piblik nan Eta New York

Sèvis piblik New York yo genyen apeprè 5,500 travayè disponib pou angaje nan evalyasyon domaj, efò entèvansyon, reparasyon ak restorasyon atravè Eta New York, pou evènman sa a. Pèsonèl ajans lan ap swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi sire sèvis piblik yo voye anplwaye apwopriye yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo.

Lapolis Eta New York

Lapolis Eta a prepare pou li deplwaye manm Patwouy anplis, jan sa nesèsè, pou ede zòn ki afekte yo. Tout veyikil Lapolis Eta a ki espesyalize yo, tankou veyikil kat-pa-kat ak veyikil itilite yo (UTV) deja an pozisyon epi yo prè pou yo reponn imedyatman. Yo te teste tout ekipman alimantasyon elektrik ak ekipman kominikasyon ijans Twoup la yo.

Otorite Transpò Metwopoliten

Otorite Transpò Metwopoliten an ap siveye kondisyon meteyowolojik yo deprè pou asire sèvis san danje ak fyab. Anplwaye MTA yo ap pare pou entèvni kont tout pwoblèm ki lye ak kondisyon meteyo yo.

Pou diminye chans pou inondasyon epi reponn a nenpòt ka inondasyon ki rive, ekip MTA yo pral enspekte drenaj nan zòn ki gen tandans inondasyon yo pou asire yo fonksyone, epi sipèvizè yo pral kontwole kote ki gen tandans inondasyon yo pou nenpòt rapò sou inondasyon pou asire gen repons rapid. Espesyalis asansè ak eskalye mekanik yo pral deplwaye nan kote ki gen tandans inondasyon yo pou ede nan nenpòt pwoblèm asansè ak eskalye mekanik ki gen rapò ak move tan.

Kliyan yo ankouraje tcheke new.mta.info pou dènye mizajou sou sèvis, ak pou itilize prekosyon pandan y ap navige sistèm lan. Kliyan yo tou ta dwe enskri pou sèvis alèt an tan reyèl yo atravè mesaj tèks oswa imèl. Alèt sa yo disponib tou atravè aplikasyon MTA yo: MYmta ak TrainTime.

Otorite Pòtyè

Otorite Pòtyè a ap siveye kondisyon meteyowolojik yo. Restriksyon pou vitès yo gendwa an vigè nan pon yo, ansanm ak wout pou ale ak pou sòti nan kafou yo. Yo ap ankouraje pasaje atravè enstalasyon Otorite Pòtyè yo pou kontakte konpayi otobis ak liy ayeryèn yo dirèkteman pou dènye enfòmasyon sou reta ak anilasyon.

Pou dènye enfòmasyon yo sou etablisman Otorite Pòtyè yo, tanpri tcheke rezo sosyal yo, enskri pou [alèt PA](#) yo oswa telechaje youn nan aplikasyon mobil PA yo, ki enkli [RidePATH](#) ki bay mizajou nan tan reyèl ak alèt pou sèvis PATH.

Konsèy Sekirite nan Ka Siklòn Grav pou Nouyòkè yo

Tout Nouyòkè ta dwe konnen kijan pou yo rete okouran de move tan yo epi resevwa alèt alè ki fè yo konnen sa yo dwe fè pou yo rete an sekirite, enkli evakyasyon. Pi bon fason pou resevwa alèt metewolojik alè se lè w enskri nan NY-Alert yon sèvis gratis ki bay alèt sou move tan ak lòt alèt ki gen rapò ak ijans yo.

Pran mezi sa yo pou asire ou menm ak pwòch ou yo pwoteje:

- Devlope yon plan pou katastwòf nan kay la epi konnen kijan pou kontakte manm fanmi an toutan. Idantifye yon zanmi oswa yon manm fanmi ki andeyò vil la ki dwe "kontak fanmi an nan ka ijans" epi asire w ke tout manm fanmi yo gen enfòmasyon kontak la.
- Deziyen yon pwen pou reyini an ijans - yon kote abityè kote fanmi an ka rankontre si yo pa ka jwenn aksè ak rezidans lan.
- Konnen risk siklòn ak tanpèt ki genyen nan kominote w la.
- Si w abite toupri zòn kotyè yo, enfòme w sou istwa vag tanpèt zòn ou an ak siyal avètisman ak plan evakyasyon kominote w la, ki gen ladan wout ki an sekirite alentery tè yo ak koteabri ofisyèl yo ye.
- Konnen ki kote pou deplase bèt kay yo pandan yon tanpèt - pifòabri yo pa pral pèmèt bèt kay.

- Metee founiti sa yo pare:
 - Ase manje ki p ap gate ak rezèv dlo pou 10 jou.
 - Radyo ak flach ki fonksyone ak pil ak yon kantite pil.
 - Yon bwat premye swen avèk rezèv medikaman.
 - Dokiman epòtan yo: Règleman asirans, dosye medikal, nimewo kont labank, kat Sekirite Sosyal, elatriye nan yon resipyan ki enpèmeyab.
 - Lajan kach, chekye, kat kredi ak kat ATM.
 - Yon lis kontak pou ijans moun ak òganizasyon ke w ka bezwen rele: kontak lekòl, doktè, founisè, ak kontak asirans.
- Pran mezi prevansyon sa yo:
 - Achte epi sere materyèl, tankou playwoud, ki nesèsè pou sekirize kay ou kòrèkteman.
 - Repare goutyè ak kolòn ki lach oubyen ki bouche yo.
 - Sekirize oswa pote andedan mèb ki sou gazon ak lòt objè ki lach, ki lejè tankou poubèl ak zouti jadinnye yo ki ka vin tounen pwojektil nan gwo van. Epi tou koupe branch bwa ki mouri nan gwo oswa nan ti pye bwa yo.
 - Revize règleman asirans pou detèmine limit kouvèti asirans lan anvan yon tanpèt frape.
 - Detèmine ki kote pou deplase bato yo nan yon ijans.
 - Ou dwe okouran de kondisyon metewolojik lokal yo lè w koute emisyon Sèvis Metewolojik Nasyonal la sou Radyo Meteyo NOAA ak rapò ki soti nan estasyon televizyon ak radyo lokal yo.
 - Konnen kijan pou w dekonekte kouran, chalè ak dlo lakay ou.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo \(Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES\)](#) ofri direksyon, kowòdinasyon ak soutyen pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, rekipere apre, epi diminye katastwòf ak lòt ijans. Pou plis enfòmasyon, swiv @NYSDHSES sou Facebook, Instagram, ak X (Anvan li te rele Twitter) oswa vizite dhses.ny.gov.

###